

Pwogram de Asistans pou moun ki viv nan Massachusetts

Ki kote wa p jwen ed, infomasyon e referans

Commonwealth Massachusetts ofri plizyè kalite sèvis pou ede moun ki pa okenn demann asirans chomaj ki rete oubyen k ap fini talè. Moun ki nan chomaj ka kalifye pou yo resevwa èd ki pou satisfè bezwen fondamantal ak lòt sèvis tou tankou swen medikal, konsèy, travay ak èd fòmasyon pwofesyonèl, ak anpil lòt. Ou ka rele swa 2-1-1 pou plis enfòmasyon sou anpil kalite resous oubyen pou pran kontak dirèk ak ajans epi òganizasyon sa yo pou mande yo enfòmasyon sou pwogram yo ofri.



2-1-1

disponib

24 sou 24 epi 7 jou sou 7 e li gen moun k ap bay konsèy ki ka jwenn èd ou bezwen.

Tout koutfil yo gratis e konfidansyal.

Gen moun byen fòme k ap ede w ak anpil nan pwoblèm ou ka genyen tankou pou moun pou okipe pitit ou, lòt fòmasyon pwofesyonèl, pwoblèm sante mantal, oubyen èd nan lojman epi lokasyon kay.

www.mass211help.org



KOUVETI POU SWEN MEDIKAL

MassHealth

Peye pou swen medical pou kèk moun ki gen salè piti oubyen mwayen epi ki rete nan Massachusetts.

www.mass.gov/masshealth

800-841-2900

ÈD DIRÈK AK ÈD MANJE

ÈD MANJE

Benefis Pwogram èd nitrisyon sipleman (SNAP) ki anvan te rele Food Stamp) pou ede moun ki gen salè piti epi mwayen achte bon manje nan seten makèt, boutik ak famasi.

www.mass.gov/snap

866-950-3663

Èd tranzitwa pou fanmi

ki responsab timoun (TAFDC)

Èd lajan pou fanmi ak timoun epi fi ansent nan dènye 120 jou gwovant lan, avek on ti kras oubyen san salè.

Èd ijan pou granmoun, moun enfim, ak timoun (EAEDC)

Èd ijan pou granmoun, enfimi ak timoun (EAEDC) se yon pwogram leta a finanse ki ofri èd lajan pou moun ki bezwen estabilize lavi yo.

Liy rezève pou enfòmasyon sou aplikasyon (pou TAFDC ak EAEDC).

Pou enfòmasyon adisyonal ale nan èd depatman tranzisyon an.

www.mass.gov/dta

800-249-2007

Liy rezève pou manje - Project Bread

Pou w jwenn depo manje ak lòt resous nitrisyon nan kominote a.

www.projectbread.org

800-645-8333

RESOUS SOU LOJMAN

Sant edikasyon pou kliyan lojman nan Mass

Nèf sant atravè Massachusetts ofri enfòmasyon ak rekòmandasyon sou lojman. Pran kontak ak resous sou kijan pou anpeche foreclosure, èd nan lokasyon ak filyal, chèche kote pou rete, kay tranzitwa ak sipò pou moun ki pa gen kay, ak lòt.

www.masshousinginfo.org

800-224-5124

Depatman lojman ak devlopman kominotè

Pou lojman, kay ak èd chofaj.

Divizyon pou estabilizasyon kay.

877-418-3308

Èd de chofaj avek weatherization (jans ou kabap gaspye mwens nan chofaj)

800-632-8175

Divizyon lojman piblik ak èd nan asistans pou ede ou paye kay

617-573-1150

www.mass.gov/dhcd

Èd nan foreclosure

Konsèy sou foreclosure ak èd pou pwopriyete kay

www.mass.gov/ocabr

888-995-4673

BENEFIS POU VETERAN

Depatman pou sèvis veteran

Benefis ak resous pou veteran ak fanmi yo ka kalifye nan biwo lokal la pou sèvis pou veteran.

www.mass.gov/veterans

617-210-5480

ÈD POU PEMAN POU TIMOUN

Depatman sou revni

Pou èd ak lòd tribinal sou peman pou timoun

www.mass.gov/cse

800-332-2733

SÈVIS POU MOUN AJE

Ède moun aje ak fanmi yo idantifye sèvis ak opòtinite.

www.mass.gov/elder

800-243-4636

RESOUS BAZE NAN KOMINOTE A

Asosyasyon pou aksyon kominotè nan Massachusetts (MASSCAP)

Sèvis tankou èd elektrik ak chofaj, anpeche pèdi kay, èd manje nan ijans, ak fòmasyon pwofesyonèl.

www.masscap.org

617-357-6086

Pwogram de Asistans pou moun ki viv nan Massachusetts

Ki kote wa p jwen ed, infomasyon e referans

Djòb, karyè, fòmasyon



A proud partner of the **americanjobcenter** network

One-Stop Career Centers – yon efò koperatif nan plizyè ajans leta ak ajans lokal, biznis epi òganizasyon san bi likratif - k ap ofri moun k ap chèche travay, yon meni enfòmasyon ak sèvis bon kalite ki fasil pou jwenn epi ki konplè - tout gratis.

Moun k ap chèche travay ka:

- Resevwa èd pou yo jwenn travay.
- Resevwa èd moun byen fòme sou karyè.
- Aprann estrateji pou chèche travay tankou kijan pou fèb yon entèvyou devlopman rezo pwofesyonèl epi kijan pou ekri yon rezime
- Patisipe nan atelye epi fòmasyon tanporè, tankou fòmasyon nan konmpitè.
- Kontre ak lòt moun k ap chèche travay.
- Jwenn lis ajou sou travay ki gen lokal, nan leta a epi toupatou nan peyi a.
- Jwenn opòtinite edikasyon oubyen fòmasyon pwofesyonèl.
- Jwenn sèvis sal resous tankou konmpitè, jounal, jounal pwofesyonèl, anyèl komèsyal, aparèy faks epi aparèy pou fotokopi, jounal sou karyè epi aktivite pou chèche travay.

One-Stop Career Centers toupatou atravè leta a.

Pou w jwenn sant karyè pi pre a, ansanm ak yon lis sèvis li ofri, lè ouvèti, epi ki wout pou fè pou al la, ale nan www.mass.gov/careercenters oubyen rele **877-872-5627**.

Pou jwenn dènye afich travay la, ale nan www.mass.gov/jobquest oubyen rele

PWOGRAM ÈD NAN NITRISYON SIPLEMANTÈ (SNAP)



Pwogram èd manje siplemantè (SNAP) a se yon pwogram nitrisyon pou fanmi ak moun endividyèl ki satisfè kèk nivo salè ak resous. Benefis SNAP ede fanmi, ki pa fè anpil kòb, achte manje sen nan anpil makèt, boutik epi nan famasi. Moun ki resevwa SNAP ka ap travay epi ka kalifye pou yo resevwa benefis SNAP.

SNAP Hotline

(ki anvan te rele Food Stamps)

866-950-3663

www.mass.gov/snap